# Глагол

## 5 класс

# Дарсил мурадал:

- Глаголалъул х1акъалъулъ баян гIатIид гьаби;
- Тексталъулъ глаголал ратизе бажари;
- Глаголалгун предложениял гIуцIизе бажари.

# Малъараб материал такрар гьаби:

- Предметияб цIар сунда абулеб?
- Кинал суалазе жаваблъун бачIунеб предметияб цIар?
- Чан жинсияб класс бугеб предметияб цIаралъул?
- Кинал формаби ругел предметияб цIаралъул?
- Эбел рагIи падежасде сверизабе бицун.

# ЦIияб тема.

- Предметалъул иш, яги гьеб бугеб хIал бичIчIизабулеб каламалъул бутIа глагол ккола.
- Щиб гьабураб?
- Щиб лъугьараб?
- Щиб х1алалда бугеб? – абурал суалазул цоялъе жаваблъунги бачIуна.

На тIогьоде уна.

- (Щиб гьабулеб?)
- ГIазу биунеб буго.
- (Щиб лъугьунеб?)
- Дир гьитIинав вац вегун вуго.
- (Щиб хIалалда вугев?)

# МагIнаялъул рахъалъ рекъон кколел глаголалги лъун хъвай.

- Циялъ хасалоялде гіураб жо …
- Хасало гьеб рахIатаб бусада …
- СихIираб цараца хасалоялде хъвехъари...
- Бакъараб гIанкIица гъутIбузул г1аркьалаби …

Кумекалъе рагIаби: бегула, кьижула, гьабула, кванала.

# Глаголалъул форма.

- Глаголалъул буголъиялъулги гьечIолъиялъулги форма букIуна. Иш гьаби яги лъугьин бихьизабулеб формаялда буголъиялъул форма абула. Иш гьабунгутIи, ялъуни лъугьунгутIи бихьизабулеб формаялда гьечIолъиялъул форма абула.
- Масала: Нижее рекъел бокьула, рагъ бокьуларо.

# ТIасабищул диктант.

- Буголъиялъул формаялда ругел глаголал ратIа росун, хъвай, дандбитIун гьечIолъиялъул формаги хъвай.
- ЦIунцIра лъарахъе лъим гьекъезе ана. Лъадал карачелалъ гьеб лъаралъе ккезабуна ва гъанкъулеб букIана. Микки гъотIода букIана. Гьелда цIунцIра гъанкъулеб бихьана.
- Миккиялъ гьелъие кумекалъе тIамах рехана. ЦIунцIра тIанхиде бахана ва къватIибе борчIана.

- **Ана** – **инчIо**
- **Ккезабуна** – **ккезабичIо**
- **Гъанкъулеб букIана** – **гъанкъулеб букIинчIо.**
- **БукIана** - **букIинчIо**
- **Гъанкъулеб бихьана** – **гъанкъулеб бихьичIо**
- **Рехана** – **рехичIо**
- **Бахана** – **бахичIо**
- **БорчIана** – **борчIичIо**

# Глаголалъул заманаби

- **Араб заман** – **ана**
- **БачIунеб заман** – **ина**
- **ГIахьалаб заман** – **уна**
- **Гьанже заман** – **унеб буго**

# Глаголазул заман бице:

- ГӀурччинлъана дунял.
- Раккила тӀугьдул.
- ТӀегьалел руго гъутӀби.
- Щвела хаслихълъи, бакӀарила пихъ.
- Бана цӀад, роцӀана дунял.
- Харил къалбал цӀилъана.

# Глаголал жинсиялги жинсиял гурелги рукуна.

- яс гьаюна
- Эбелалъ - вас гьавуна
- гурде гьабуна

## Жинсиял глагола ратIа росун хъвай.

- Бекерана, гебегана, цIавуцIана, гьабуна, бачIинчIо, цIалана, инчIо, йитIана, екерана.

# Гьал суалазе жаваблъун кколел глаголал хъвай.

- Дуе ВатIан бокьулищ?
- ВатIаналъе гIоло рухI кьезе хIадурав вугищ?
- Рокъобе кьураб т1адкъай тIубанищ?
- Метер экскурсиялде вачIиниш?

# Гьал предложения предложениялъул членазде риххе.

- Гвангва букIана гъотIода.
- Гвангваялъ тIорщел, пихъ квана ла.
- Гвангваялъ квен квачIаз босула.

- Предложениялда жаниб глагол сказуемоелъун букIуна.

## Дарсил хIасилал гьари.

- Глагол сунда абулеб?
- Глаголалъул кинал грамматикиял гIаламатал ругел?

# Рокъобе хIалтIи.

- П. 59.
- ХIалтIи № 474, 480